**दिन—गुरूवार** **दिनांक—04.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे एनडीए सरकार भारत के विकसित देश बनेबाक लेल जीतोड़ प्रयास कऽ रहल अछि। जमुई मे एनडीए क' चुनाव प्रचार अभियान शुरू करैत श्री मोदी जनौलनि जे भारत आब विश्वक पाँचम सभ सँ पैघ अर्थव्यवस्था अछि। ओ जनौलनि जे भारत आतंकी गतिविधि सँ जुड़ल आओर एहेन गतिविधि के समर्थन करएवला सभ के कड़गर जवाब देलक अछि। श्री मोदी जनौलनि जे, जे बिहारक युवासभ लेल कहियो किछु बढ़िया नहि कयलनि, ओ युवा सभ सँ जमीन लऽकऽ रेलवे मे नौकरी देलनि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे डेढ़ दशक धरि जंगलराज सँ तबाह रहल बिहार मे आब विकास नव गति पकड़ि लेलक अछि। जनसभा के सम्बोधित करैत जदयूक वरिष्ठ नेता आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जनौलनि जे बिहार के पन्द्रह साल धरि जंगलराजक दंश देबयवला पार्टी, लोकसभ के ठगि रहल अछि। ओ जनौलनि जे केन्द्र सरकारक मददि सँ बिहार मे चहुँमूखी विकास भऽ रहल अछि। लोक जनशक्ति पार्टी, रामविलासक राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवान जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक कार्यकाल मे वैश्विक स्तर पर देशक प्रतिष्ठ आओर लोकप्रियता बढ़ल अछि।

---

राष्ट्रीय जनता दल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी द्वारा जमुई मे चुनावी रैली मे देल गेल बयान पर पलटवार कयलक अछि। पार्टीक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव एक ट्वीट मे जनौलनि जे श्री मोदी के ई जनेबाक चाहि जे पछिला दस साल मे केन्द्र सरकार जमुई लेल कि सभ कयलक अछि। ओ जनौलनि जे एनडीए सरकार के मुद्दाक गप करबाक चाहि आओर बिहारवासी सभ के पछिला दस वर्षक हिसाब देबाक चाही।

---

लोकसभा चुनावक दोसर चरण मे किशनगंज, कटिहार, पूर्णियां, भागलपुर आओर बांका संसदीय क्षेत्र मे नामांकन पत्र भरबाक काज सामाप्त भऽ गेल। भेटल जनतबक अनुसार ई सभ ठाम छियासी उम्मीदवार सभ पर्चा भरलनि अछि। आइ कटिहार संसदीय क्षेत्र सँ जदयूक दुलाल चन्द गोस्वामी नामांकन पत्र भरलनि। ई संसदीय क्षेत्र सँ पीपुल्स पार्टी ऑफ इंडिया,

डेमोक्रेटिकक मरंग हांसदा आओर निर्दलीय ज्ञानेश्वर सोरेन आओर खालिद मुबारक सेहो नामांकन पत्र भरलनि। ओतहि, पूर्णिया सँ पप्पू यादव निर्दलीय उम्मीदवारक रूप मे अपन नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। हमर संवाददाता जनौलनि जे पप्पू यादवक संग कांग्रेसक कतेको स्थानीय नेता सभ छलाह। एहि चरण लेल नामांकन पत्रक जाँच काल्हि होयत। ओतहि, उम्मीदवार सभ आठ अप्रील धरि अपन नाम वापिस लऽ सकैत छथि। भोट छब्बीस अप्रील कऽ खसाओल जायत।

————————————————————————

भारतीय जनता पार्टी लोकसभा चुनाव लेल बिहार मे चालीस स्टार प्रचारकक सूची जारी कऽ देलक अछि। ई सूची मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष जे.पी नड्डा, केन्द्रीय मंत्री राजनाथ सिंह, अमित शाह आओर नितिन गड़करी छथि। ओतहि, उत्तरप्रदेशक मुख्यमंत्री योगी आदित्य नाथ आओर असमक मुख्यमंत्री हेमंत विस्वा सरमा सेहो स्टार प्रचारक सूची मे छथि।

————————————————————————

बिहार कांग्रेसक पूर्व प्रदेश अध्यक्ष अनिल शर्मा आइ भाजपा मे शमिल भऽ गेलाह। नव दिल्ली मे भाजपा महासचिव विनोद तावड़े हुनका पार्टीक प्राथमिक सदस्यता दिऔलनि। पछिला दिन अनिल शर्मा कांग्रेसक प्राथमिक सदस्यता सँ इस्तीफा दऽ देने छलाह।

————————————————————————

निर्वाचन आयोग सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म व्हाट्सएप पर जनाओल जा रहल ओ भ्रामक संदेश के फर्जी जनौलक अछि जाहि मे जनतब देल गेल अछि जे सरकारी कर्मचारी सभ डाक मत पत्रक माध्यम सँ मतदान नहि कऽ सकैत छथि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे आयोग जनौलक अछि जे चुनाव ड्यूटी पर तैनात पात्र अधिकारी सभ मतदाता सुविधा केन्द्र सँ डाक मतपत्र द्वारा मतदान कऽ सकैत छथि। आयोग लोकसभ सँ जागरूक रहब आओर भ्रामक–मिथ्या संदेश सँ सतर्क रहबाक लेल जनौलक अछि। प्रामाणिक जनतब लेल लोकसभ के आयोगक अधिकारिक वेबसाइट देखय लेल जनाओल गेल अछि।

————————————————————————

राज्यसभाक बारह नव सदस्य सभ आइ शपथ लेलनि। उपराष्ट्रपति आओर राज्यसभाक सभापति जगदीप धनखड़ सदस्य सभ के संसद भवनक अपन कक्ष मे शपथ दिऔलनि। बिहार सँ जदयूक संजय कुमार झा शपथ लेलनि। ओ मैथिली मे शपथ लेलनि।

———————————————————————

पछिया हवाक कारण प्रदेशक तापमान बढि रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बिच चालीस दशमलव छओ डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग बक्सर राज्यक सभ सँ बेसी गर्म स्थान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला दू दिनक बिच राज्यक अधिकतम तापमान दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस बढ़ि सकैत अछि।

———————————————————————

मुंगेर जिलाक जमालपुर प्रखंडक जगदम्बापुर फरदा बहियार मे आगि लागि गेला सँ पचास बिघा खेत मे लागल गँहुमक फसलि जरि गेल। अग्निशमन दस्ताक मददि सँ आगि बुझाओल गेल। ओतहि, अररिया जिलाक पलासी थानाक सुकसेना मे शॉर्ट सर्किट सँ आगि लागि गेला सँ कतेको घर जरि गेल। दोसर दिस, बेगूसराय जिलाक जगदीशपुर बहियारक एक खरिहान मे आगि लागि गेला सँ गँहुमक ढेरो बोझ जरि गेल।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक हरलाखी थानाक पिपरौन सँ एसएसबीक जवान एकतीस किलो गांजा बरामद कयल अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।